दिन–गुरू　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–27.06.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहलनि अछि जे सरकार पेपर लीकक निष्पक्ष जाँच आ दोषी सभक लेल कड़गर सजाए सुनिश्चित करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। संसदक संयुक्त बैसक के सम्बोधित करैत ओ कहलनि जे सरकार परीक्षा सँ संबंधित निकाय, ओकर काम–काज आ परीक्षा प्रक्रियाक सभ पहलू मे पैघ सुधार सभक दिस काज कऽ रहल अछि। राष्ट्रपति जनौलनि जे चाहे प्रतियोगी परीक्षा हो या सरकारी भर्तीक प्रक्रिया सभ मे पूरा पारदर्शिता आ ईमानदारीक आवश्यकता अछि। राष्ट्रपति कहलनि जे देश मे पूर्ण बहुमतक एक स्थिर सरकार बनल अछि आ एहेन मे सरकारक लेल भारतक लोक सभक आकांक्षा सर्वोपरि अछि। संसदक संयुक्त बैसक के सम्बोधित करैत राष्ट्रपति कहलनि जे नव सरकार अपन पहिल आम बजट प्रस्तुत करय जा रहल अछि। ई बजट सरकारक दूरगामी नीति आ भविष्यवादी दृष्टिकोणक एक प्रभावी दस्तावेज होयत आ सुधार सभ के तेजी सँ आगां बढ़ाओल जायत। राष्ट्रपति कहलनि जे ई सरकार भारत के दुनियाक तेसर सभ सँ पैघ अर्थव्यवस्था बनेबाक लेल काज कऽ रहल अछि। राष्ट्रपति मुर्मू कहलनि जे सरकारक लक्ष्य ई सुनिश्चित करब अछि जे आम लोक धरि सभ योजनाक लाभ पहुंचय। ओ जनौलनि जे सरकार सत्तरि वर्ष सँ बेसी आयुक सभ वरिष्ठ नागरिक के आयुष्मान भारत योजनाक दायरा मे आनत।

---

सीबीआई नीट पेपर लीक मामिला मे आइ पटना सँ दू आरोपी मनीष प्रकाश आ आशुतोष के गिरफ्तार कयलक अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार दुनू आरोपी पटनाक प्ले एंड लर्न स्कूल के नीट परीक्षा सँ एक दिन पहिने रातिभरिक लेल बुक करौने छल। एहि विद्यालय मे बीस सँ पच्चीस परीक्षार्थी के एकत्रित कऽ हुनका सभ के उत्तर उपलब्ध कराओल गेल छल। बिहार पुलिसक आर्थिक अपराध इकाई के एहि विद्यालयक परिसर सँ जरल प्रश्नपत्र भेटल छल। एहि मध्य जाँच एजेंसी बेउर जेल पहुंचि कऽ बलदेव कुमार उर्फ चिन्टू आ मुकेश के पूछताछक लेल रिमांड पर लऽ लेलक अछि। काल्हि पटना स्थित सीबीआई के विशेष अदालत जाँच एजेंसी के एहि दुनू आरोपी के सात दिनक रिमांड देने छल। एम्हर हजारीबाग

मे सीबीआईक टीम ओएसिस विद्यालयक प्राचार्य सँ गहन पूछताछ कयलक अछि। जाँच ऐजेंसी के एहि विद्यालय सँ पेपर लीक होयबाक अंदेशा अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार सीबीआई हजारीबाग मे आठ लोक के हिरासत मे लेलक आ सभ सँ पूछताछ कयल जा रहल अछि। एहि मामिला मे एखन धरि पाँच राज्य सभ सँ सत्ताईस आरोपी के गिरफ्तार कयल गेल अछि।

———————————————————————

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे बिहार सरकार परीक्षा सभ मे अनियमितता रोकबाक लेल शीघ्रहि नव कानून आनत। पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशप मे ओ कहलनि जे अगामी विधानसभा सत्र मे केन्द्र सरकारक तर्ज पर एहि संबंध मे कानूनक प्रस्ताव आनल जायत।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ नव दिल्ली मे जदयू सांसद सभक संग भेट कयलनि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे भाजपा आ जदयू नम्हर समय सँ एक सँ मिलिकऽ काज कऽ रहल अछि आ सुशासन के लेल दुनू पार्टी आगां सेहो मिलिकऽ काज करैत रहत।

———————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक अधिकतर भाग मे वर्षाक क्रम जारी अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–पूर्व आ उत्तर–मध्य भाग मे कतेको ठाम भारी वर्षा भेल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पूर्वी चंपारण जिलाक रामनगर मे सभ सँ बेसी एक सय आठ दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। ओतहि सुपौलक बसुआ मे पचासी दशमलव छओ मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल जे अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तर–पश्चिम भाग मे एक या दू ठाम भारी वर्षा जखनकि शेष भाग मे हल्का सँ मध्यम वर्षा भऽ सकैत अछि। एहि दरमियान मेघ गर्जन आ वज्रपातक सेहो चेतावनी जारी कयल गेल अछि। एम्हर, राजधानी पटनाक कतेको भाग मे वर्षा होयबा सँ लोक सभ के उमस भरल गर्मी सँ थोड़ेक राहत भेटल अछि।

.

————————————————————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे लगातार भऽ रहल वर्षाक कारणे प्रदेशक नदी सभक जलस्तर मे वृद्धि भेल अछि। अररिया जिलाक सिकटी प्रखंड क्षेत्रक पूर्वी भाग मे बहएवाली नूना नदीक पानि निचला क्षेत्र मे पसरि गेल अछि। एम्हर, सीतामढ़ी जिला मे अधवारा समूहक झीम नदी उफान पर अछि। ओतहि, किशनगंज जिलाक बहादूरगंज प्रखंड क्षेत्र मे डूबडांगी गाम लऽग कनकई नदीक जलस्तर बढबा सँ नदी पर बनल एक पूलक पाया धँसि गेल। एहि कारणे पूल पर वाहनक आवाजाही बंद करा देल गेल अछि।

————————————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पश्चिम चंपारण जिलाक वाल्मीकिनगर मे वाल्मीकि सभागार आ अतिथि गृह परिसरक लोकार्पण कयलनि। संगहि, श्री कुमार कन्वेशन सेन्टर परिसर मे महर्षि वाल्मीकि के प्रतिमाक सेहो अनावरण कयलनि।

————————————————————————————————————

बेगूसराय जिलाक भिन्न–भिन्न थाना क्षेत्र मे भेल सड़क दुर्घटना मे एक महिला सहित दू लोकनिक मृत्यु भऽ गेल।

————————————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।